

LENTERA

LENGgang penggalih nampi TEntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi Januari 2025



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:
Bidang PWG GKJ Bejiharjo

BAHAN PA 6 – 11 Januari 2025

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 71:1,2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Kohelet 3:1-13**
5. **Renungan**

“Samubarang Kabeh Katitahake Endah Ing Wayah Kang Wus Kapesthekake”

Lumebet ing warsa enggal, kathah tiyang sami mikiraken bab resolusi ing gesangipun. Wonten ingkang sedya ngirangi berat badan, wonten ingkang sedya ningkataken karir padamelan, wonten ugi ingkang sedya ngraketaken sesambetan ing tengahing brayat. Ananging rikalanipun kalampah sawetawis wekdal lan dereng kasembadan, asring njalari tiyang dados frustrasi. Kados-kados, kirang wekdalipun, mboten saged ngendhaleni wekdal, lsp, kangge mujudaken resolusi-resolusi punika

Waosan kita kalawau nedahaken bilih gesanging manungsa lumampah katemtokaken dening wekdal utawi mangsa (wonten “wayahe”). Saking saben prekawis ingkang wonten “wayahipun” piyambak-piyambak punika, nelakaken bilih sayektosipun manungsa mboten gadhahi kwaos mutlak ngengingi wekdal/wayah. Basa sanesipun, panyerat Kohelet mitadosi bilih tatanan jagad punika sampun katetepaken dening Gusti Allah lan manungsa wonten ing salebetipun minangka titahipun Gusti. Kanthi mekaten, sami kemawon badhe nandhesaken bilih wekdal/wayah punika kagunganipun Gusti Allah. Ewa semanten, lumantar ayat 11 nyethakaken bilih tansah wonten kaendahan ing saben wayah / mangsa ingkang dipun lampahi manungsa, sinaosa manungsa mboten saged mangertosi sawetahipun rancanganipun Gusti Allah. Wondene ing ayat 12 lan 13 nandhesaken pratelaning kapitadosan panyerat Kohelet, mesti wonten kabingahan sejati ingkang badhe kapanggihaken ing salebeting raos sokur nglampahi saben wayah utawi saben wekdal minangka sih rahmat peparingipun Gusti.

Minangka manungsa modern, asring kita kablihtuk bilih kita saged ngendhaleni kathah perkawis kalebet wekdal / wayah / mangsa. Wonten ing kalender punika padhatan sampun kebak dening marupi-rupi jadwal lan agenda, ananging kita kesupen bilih “samubarang iku ana wayahe”. Estunipun mboten klentu kita mbudidaya kanthi temen-temen ing bab rancangan kita. Ananging lumantar waosan kalawau, Kohelet paring piwucal supados kita langkung saged ngendhaleni dhiri mligi rikala wonten bab ingkang kalampahipun mboten kados ingkang kita pikajengaken.

Awit saking punika, “wekdal / wayah / mangsa” sanes alat ingkang saged kita kendhaleni mutlak manut pikajeng kita. Kohelet sampun nelakaken, bilih “wekdal / wayah / mangsa” punika kagunganipun Gusti ingkang kaagem minangka sarana ing pundi Panjenenganopun nelakaken rancangan saha pakaryanipun. Ing samubarang ingkang kita lampahi, dadosa bingah utawi sisah, mesti wonten sih rahmatipun Gusti ingkang ndiwasakaken iman kapitadosan kita. Mboten perlu kuwatos nglampahi warsa enggal 2025 lan mujudaken saben resolusi kita. Gusti mberkahi.

Diskusi:

1. Punapa maknaipun “*Samubarang kabeh katitahake endah ing wayah kang wus kapesthekake...*” wonten ing gesang panjenengan satata pribadi?
2. Kadospundi panjenengan mujudaken patrap atur panuwun ngengingi wekdal paringipun Gusti ing salebeting rancangan utawi resolusi warsa enggal panjenengan?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 390:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 13 – 18 Januari 2025

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 59:1,3**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci:** Rum 12:19-21
5. **Renungan**

“Piwales: Wewenangipun Gusti”

Saben tiyang ingkang dipun cidra, kathah-kathahipun ngraosaken kuciwa saha duka. Duka punika janipun limrah satata kamanungsan, ananging amargi cidra kalawau, saged nuwuhaken pepinginan miwales (balas dendam) ing tembenipun. Kanthi miwales, kados-kados saged mulihaken *harga diri* saha kaadilan ingkang karaos ical. Pitakenanipun, punapa leres kalampahanipun kados mekaten punika?

Waosan kita nedahaken piwucalipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Rum babagan kadospundi nglampahi gesang minangka tiyang pitados wonten ing donya ingkang kebak konflik. Pangandikanipun ing ayat 19 punika, kados ingkang sinerat wonten ing Pangandharing Toret 32:25, mratelakaken bilih piwales punika wewenangipun Gusti Allah. Kawontenan manungsa ingkang ringkih, saged ndadosaken manungsa lirwa ngendhaleni dhirinipun ngadhepi konflik lajeng malah ndadosaken kawontenan sangsaya awon. Mila nalika masrahaken piwales dhumateng Gusti, sayektosipun nedahaken iman kapitadosan ingkang kiyat lan kekah dhumateng Gusti.

Wondene perangan salajengipun dados pambereg supados pandherekipun Gusti sageda nelakaken katresnan dhateng “satu”. Kacetha ing pangandika “manawa satrumu kaluwen, wenehana mangan; yen ngelak, wenehana ngombe”. Tumindak-tumindak punika kados mboten trep kaliyan nalar budi kita. Ananging sayektosipun, maringi dhaharan utawi unjukkan dhateng satu punika sanes tandha kawon utawi ringkih, suwalikipun malah nelakaken kuwaos saha kakiyatan katresnan ingkang nglangkungi nalar budi manungsa. Lan katresnan kados mekaten ingkang

sampun langkung rumiyin katandukaken dening Gusti Allah dhateng para tiyang pitados. Mila tembung “numplek mawa” lan pangandika ing ayat 21 badhe nandhesaken bilih namung kabecikan ingkang saged ngawonaken piawon. Mboten wonten piawon ingkang saged ngawonaken piawon sanesipun.

Rikala kita aben ajeng kaliyan tumindak mboten adil, pilihan masrahaken piwales dhumateng Gusti panci kadangkala karaos awrat sanget. Padhatan, maremipun inggih menawi saged miwales. Ananging kanyata sanes mekaten patuladanipun Gusti Yesus. Wonten ing kajeng salib, Gusti Yesus ngendika “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten...” Awit saking punika, nalika kita nglenggana masrahaken bab piwales dhumateng Gusti Allah, sayektosipun kita saweg nguwalaken dhiri saking panggodha lan momotan *balas dendam*, ateges damel entheng dhiri pribadi. Sisih sanes, ugi paring papan mirunggan kagem sihipun Allah makarya lan mulihaken gesangipun tiyang sanes.

Diskusi:

1. Miturut pengalaman panjenengan, kening punapa asung pangapura kadangkala awrat raosipun?
2. Wonten ing gesang padintenan, kadospundi pambudidaya panjenengan ngawonaken piala klawan kabecikan?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 437:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 20 - 25 Januari 2025

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 2:1,3**
3. **Pandonga**
4. **Pamaosing Kitab Suci:** Wilangan 22:15-35
5. **Renungan**

“Gusti Melèhaken”

Aben ajeng kaliyan maneka warni lelampahan ing pagesangan, mesti nate damel kathah tiyang sami munjuk, *“apa iki ya wujud pamelehe Gusti kanggoku?”* Satata iman kapitadosan, panci Gusti asring nelakaken pangandikanipun dhateng kita lumantar maneka warni cara, lan saged ugi kelampahamanipun mawi cara ingkang dereng nate kita bayangaken.

Waosan kalawau nyariyosaken Bileam ingkang kasuwun dening Balak, ratunipun bangsa Moab, kinen nindakaken ipat-ipat dhateng bangsa Israel. Sayektosipun, Gusti Allah sampun menging Bileam (ay. 12), ananging kanyata, Bileam kablithuk ing bab opah ingkang ageng, sanadyan kadosipun mboten kelampah kados mekaten. Ayat 20 nyethakaken bilih Gusti Allah ingkang ngutus Bileam, ananging Bileam ingkang nyebataken bab “salaka” lan “mas” (ay. 19) dados pratandha niat leresipun Bileam. Katrangan saking waosan sanes ngiyataken bab punika, kadosdene ing 2 Petrus 2:15 lan Yudas 1:11. Ingkang baken, tembung “bebendune Gusti Allah mulad-mulad” ing ayat 22 dados pratandha kiyat bilih Bileam saestu mbalela.

Bileam sampun katutup manah lan karohanenipun, dene kuldinipun nyumerepi malaekat ngantos kendel kaping tiga lan malah dipun gebug dening Bileam. Saking lelampahan punika, kuldinipun sambat saha nyarwe Bileam. Mboten dangu, Gusti Allah damel awasi paningalipun Bileam lan ndadosaken piyambakipun sadar bab rawhipun malaekat ingkang rawhipun kaagem Gusti melehaken piyambakipun bab kalepatanipun.

Saking cariyos punika, tetal bilih Gusti saged ngendika paring pameleh lumantar maneka warni cara. Kadosdene kuldi lan malaekat dados pirantosipun Gusti melehaken Bileam, wonten ing gesang kita Gusti ugi saged ngagem pengalaman, tiyang sakiwa tengen, kepara

pengalaman-pengalaman kangge paring pameleh tumrap kita. Ewa semanten kedah kita sadari, bilih pameleh saking Gusti kados ingkang karaosaken dening Bileam, sayektosipun minangka wujud katresnanipun. Panjenenganipun ngersakaken kita kèndel saking sadaya piawon lan wangsul ing margining kaleresan. Sanes bab paukuman ingkang utami lan sepisanan, ananging sihipun kangge ngirid lampah kita tumuju ing karahayon.

Diskusi:

1. Piwucal iman kadospunapa ingkang panjenengan pethik saking cariyos Bileam punika?
2. Kadospundi sayektosipun prayoning pameleh kaliyan sesami?

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 136:1,2

7. Pandonga

BAHAN PA 27 Januari - 1 Februari 2025

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 19:1,2**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci:** Para Hakim 5:12-21
5. **Renungan**

“Ngraosaken Berkah Tuking Pangandel”

Anteping kapitadosan wonten ing ngarsanipun Gusti punika gumantung anggenipun sami ngraosaken berkahipun Gusti. Sangsaya luber berkahipun Gusti karaosaken, sangsaya kandel kumandelipun wonten ngarsanipun. Kosok wangsulipun sangsaya berkahipun karaos sepi mamring, sangsaya tipis kumandelipun ing ngarsanipun. Kamangka saestunipun berkahipun Gusti punika binabar nyata ing sagunging gesang. Kathah boten tirah, sekedhik dhatan kirang. Gumantung anggenipun ngraosaken.

Makaten ugi ingkang kelampahan nalikanipun bani Israel badhe mangsah perang. (Para Hakim 5:12-21) Saperanganing taleripun Israel sami mantep nglurug perang sesarengan kaliyan Barakh lan Dhebora. Inggih punika Efrayim, Benyamin, Zebulon, Ishakar lan Naftali. Wondene taler sanesipun sami mbobot-timbang lan gojak-gajek. Inggih punika taler Ruben, Dan lan Asyer. Patrap ingkang benten ing antawisipun ingkang mantep mangsah perang lan ingkang mangu-mangu amargi jalaran kandel lan tipising raos kumandel ing ngarsanipun Gusti. Kamangka prasetyanipun Gusti lumantar Dhebora lan Barakh punika nyata, angggenipun badhe ngulungaken para ratuning Kanaan sak wadyabalanipun.

Makaten ugi anggen kita mangsah perang ing pangguleting pagesangan. Unggul punapa kawon, katemtokaken dening sepinten kandel lan tipisipun raosing kumandel ing ngarsanipun Gusti minangka tuking pitulungan. Sanajan pacoben, panandhang lan kasangsaran nyerang lan ngrusuhi, sauger mantep kumandel ing Gusti bakal unggul. Laras kaliyan nas ing nginggil “*dadine kita padha sumurup uga, yen kita wus tanpa apa kang kita suwun marang Panjenengane.*” Saestu dados pemuat lan pembereg tumrapping kita anggenipun kepareng nampeni lan ngraosaken berkahipun Gusti

sanadyan taksih ing salebeting pandonga lan panyuwunan. Gusti tansah ngluberaken berkahipun dhateng kita sadaya. Amin.

Diskusi:


Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging tetep tinarbuka kagge sami mundhut pirsu, paring katrangan tambahan, kalebet andhum pengalaman iman linandhesan sabdanipun Gusti dinten punika, punapa dene sadaya ingkang sampun kita pirengaken ing wekdal kawuri. Mugia dados sarana kangge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 441

7. Pandonga

Catetan:

Catetan:




Bidang PWG GKJ Bejiharjo
Copyright @ 2022